

Responsabilite Papa ak Manman

Papa ak manman yon timoun se patisipan aktif nan pwosesis entèvansyon prevanitif la.

Men responsabilite papa ak manman yo:



Patisipe nan tout pwosesis IFSP a – travay ak moun ki bay sèvis yo pou planifye ak pouswiv objektif pou pitit yo, epi ba yo enfòmasyon sou sa yo konnen ak sa yo obsève.



Fè kowòdinatè sèvis la konnen kisa ki kapab gen konsekans pou sèvis pitit yo ap resevwa.



Rive ale nan randevou yo genyen, epi fè moun k ap bay sèvis la konnen si yo pa kapab vini nan yon randevou.



Respekte moun ak lokal kote yo fè sèvis yo, pou tout fanmi yo kapab patisipe nan sistèm entèvansyon prevanitif la.



Eske ou ta renmen gen plis enfòmasyon? Resous ki nommen pi ba la yo bay plis enfòmasyon sou dwa papa ak manman timoun nan sistèm entèvansyon prevanitif la.

- *Dreams and Challenges: A Family Guide to the Maryland Infants and Toddlers Program [Rev ak Deft: Gid pou Fanmi sou Pwoogram nan Maryland pou Tibebe ak Timoun Pitit yo]*
- Pati C nan Lwa sou Edikasyon pou Moun ki Andikape yo (Individuals with Disabilities Education Act)
- Pati 303 nan Chapit 34 nan Kòd Reglasyon Federal la (Code of Federal Regulations)
- Pati 300 nan Seksyon 560-577, nan Chapit 34 nan Kòd Reglasyon Federal la
- Pati 99, Chapit 34 nan Kòd Reglasyon Federal la

Pou mande kopi nenpòt nan dokiman sa yo, kontakte:

MARYLAND STATE DEPARTMENT OF EDUCATION
Division of Special Education/Early Intervention Services
Maryland Infants and Toddlers Program
200 West Baltimore Street; Baltimore, MD 21201
Telefon: (410) 767-0261 • Nimewo gratis: (800) 535-0182
Faks: (410) 333-8165 • TDD (pou moun ki soud) (410) 333-0731

Robert L. Ehrlich, Jr.
Gouvènen

Edward L. Root
Prezidan Konsèy pou Edikasyon nan Eta Maryland

Nancy S. Grammick
Dirèktè Jeneral Lekòl nan Eta a

Carol Ann Baglin

*Asistan Dirèktè Jeneral Lekòl nan Eta a
Divizyon Edikasyon Espesyal / Sèvis Entèvansyon Prevantif*

Depatman Edikasyon Eta Maryland (Maryland State Department of Education) pa fè diskriminasyon pouèt ras, koule, si moun se gason oswa fi, laj moun, peyi moun soti, relijyon moun, oswa pake moun andikape, nan zafè ki gen konsekans sou jwenn travay oswa nan bay opòtinite pou patisipe nan pwogram yo. Pou mande enfòmasyon sou règleman depatman an swiv, ou mèt kontakte Branch pou Jistis ak Respe Regleman yo [Equity Assurance and Compliance Branch] nan nimewo telefon 410-767-0266, oswa nan nimewo faks 410-333-2226, oswa nan nimewo TDD (pou moun ki soud) 410-333-6442. ♦ Se Divizyon Edikasyon Espesyal/Sèvis Entèvansyon Prevantif ki ekri ak pibliye dokiman sa a avèk finansman ki soti nan Depatman Edikasyon Etazini. Biwo Edikasyon Espesyal ak Sèvis Rehabilasyon, IDEA, Pati C, Sibvansyon Nimewo H181A020124. ♦ Opinyon ki parèt nan dokiman sa a pa resesman menm ak opinyon Depatman Edikasyon Etazini an ni okenn lòt ajans federal, kididònk, ou pa dwe gade l konsa. ♦ Enfòmasyon sa yo pa gen pwoteksyon pou dwa moun ki ekri yo. Nenpòt moun ki gade yo mèt fè kopi pou bay lòt moun, men tanpri, si w vle fè sa, di ou rekonèt se travay “Division of Special Education/Early Intervention Services, Maryland State Department of Education”. ♦ Dapre sa yo mande nan Lwa pou Moun Andikape nan Etazini an [American with Disabilities Act (ADA)], moun ki vle jwenn dokiman sa a nan yon fòmalkatif kapab mande pou li. Si w vle fè sa, kontakte Divizyon Edikasyon Espesyal/Sèvis Entèvansyon Prevantif nan Depatman Edikasyon Eta Maryland, nan nimewo telefon 410-767-0261, oswa nan nimewo faks 410-333-2661, oswa nan nimewo TDD (pou moun ki soud) 410-333-0731.

3/04



Dwa ak Responsabilite Papa ak Manman nan Sistèm Entèvansyon Prevantif la

MARYLAND STATE DEPARTMENT OF EDUCATION
Divizyon Edikasyon Espesyal / Sèvis Entèvansyon Prevantif
Pwoogram pou Tibebe ak Timoun Pitit

Haitian Creole



Poto mitan sistèm entèvansyon prevanitif Maryland lan se kolaborasyon ant fanmi yo ak pwofesyonèl yo, pou sipòte ak ranfòse devlopman tibèbe ak timoun piti ki gen andikap. Tèt ansanm sa a se fondasyon ki sipòte plan sèvis famiyal pèsonalize pou fanmi yo (IFPs).

Ni Pati C nan IDEA, ki se Lwa pou Edikasyon Moun Andikape a [Individuals with Disabilities Education Act], ni Kòd Regilasyon Maryland 01.04.01 an, garanti kèk dwa espesyal pou papa ak manman timoun yo, nan sistèm entèvansyon prevanitif la.

Tiliv sa a pèmèt jwenn definisyon rapid pou dwa sa yo, pou garanti atansyon ak respè pou opinyon papa ak manman yo, ansanm ak pou sa yo pito kòm sèvis pou piti yo ak pou fanmi yo, epi pou garanti papa ak manman yo kapab jwenn enfòmasyon yo bezwen pou rive jwe yon wòl aktif nan desizyon ki pran sou jan sèvis sa yo ap fèt.

Chak fanmi k ap patisipe nan Sistèm Entèvansyon Prevanitif Maryland lan pral resewa yon kopi *Dreams and Challenges: A Family's Guide to the Maryland Infants and Toddlers Program [Rè ak Defi: Gid pou Fanmi sou Pwoogram nan Maryland pou Tibèbe ak Timoun Piti yo]*, ki esplike dwa papa ak manman yo avèk plis detay.



Nan Sistèm Entèvansyon Prevanitif Maryland lan, papa ak manman yo gen dwa:

❖ *Di si yo dakò pou kite evchbye ak analize ka piti yo, epi pèmèt fè sèvis enjènansyon prevanitif pou yo.*

Papa ak manman yo dwe resewa enfòmasyon yo bezwen pou yo kapab pran desizyon responsab sou jan piti yo ak fanmi yo pral resewa sèvis yo. Papa ak manman yo gen dwa asepte oswa refize sèvis entèvansyon prevanitif yo dapre lwa nan Eta a, san sa pa anpeche yo jwenn lòt sèvis.

❖ *Gaie dosye sou entèvansyon prevanitif yo, epi mande pou korije yo.*

Papa ak manman yo gen dwa wè dosye entèvansyon prevanitif piti yo. Si papa ak manman yon timoun kwè dosye a gen enfòmasyon ki pa egzak oswa ki gen erè, yo gen dwa mande pou korije dosye a.

❖ *Resevwa yon let ki fè konnen dwa yo ansanm ak aksyon sistèm entèvansyon prevanitif la rekòmande.*

Papa ak manman yo dwe resewa enfòmasyon ki klè, epi ki ekri yon jan pou yo konprann, sou dwa yo genyen. Pandan tout tan y ap patisipe nan sistèm entèvansyon prevanitif la, papa ak manman yo dwe resewa, nan lang yo pale a, yon anons nan yon tan rezonab ki fè konnen kilè evalyasyon ak sèvis yo ap koumanse, oswa si gen yon chanjman yo rekòmande fè.

❖ *Mande pou enfòmasyon pèsònèl yo rete konfidansyèl.*

Anvan yo konnike okenn enfòmasyon pèsònèl ki pèmèt idantifye moun bay sistèm entèvansyon prevanitif la osnon by lòt moun ki fè sèvis, papa ak manman yo dwe fè konnen sou papye yo bay pèmisyon pou sa. Gen sèlman kèk sikonstans ki pèmèt kominike enfòmasyon san papa ak manman yo pa bay pèmisyon.

❖ *Pote plent devan Pwoogram nan Maryland pou Tibèbe ak Timoun Piti yo (MITP).*

Papa ak manman yo gen dwa pote yon plent ekri devan MITP toutotan y ap patisipe nan sistèm entèvansyon prevanitif la si yo pa dakò ak: (1) desizyon yo pran sou kalifikasyon piti yo pou resewa sèvis entèvansyon prevanitif; (2) yon evalyasyon oswa yon analiz sou ka piti yo; (3) sèvis piti yo resewa; oswa (4) lajan yo mande yo peye pou sèvis piti yo resewa.

❖ *Mande pou gen yon abit enpasyal ki rezoud yon plent fòmèl yo pote.*

Si papa ak manman yo mande sa, yo pral fè yon seyans medyasyon ak/oswa yon odisyon enpasyal pou rezoud plent yo pote a. Pou plis enfòmasyon sou pwosedi sa yo, gaie nan tiliv ki rele *Mediation and Impartial Complaint Resolution* an [Medyasyon ak Solisyon Enpasyal pou Plent]; MITP ka fè w jwenn tiliv sa a.

